

Entwodiksyon ak Rezime

(Haitian Creole Translation)

Tabla de contenido

1.	Entwodiksyon ak Rezime Egzekitif	1-1
1.1	Kontèks Aewopò Logan nan	1-1
1.1.1	Nivo Aktivite yo	1-4
1.1.2	Envestisman Massport nan Ayewopò Logan nan	1-4
1.2	Objektif ESPR ak EDR la	1-5
1.2.1	Analiz Ki Koresponn Ak Pwojè a	1-5
1.2.2	Dispozisyon ak Fòm Dokiman an	1-6
1.3	Rezilta kle pou 2023 ak 2024 yo	1-8
1.3.1	Sansibilizasyon ak Jistis Anviwònmanal	1-8
1.3.2	Nivo Aktivite yo	1-9
1.3.3	Planifikasyon Aewopò	1-9
1.3.4	Transpò Rejyonal	1-10
1.3.5	Aksè Terès pou ale epi pou Soti nan Aewopò Logan nan	1-11
1.3.6	Bri	1-12
1.3.7	Kalite Lè a ak Emisyon Gaz ki gen Efè Tèmik	1-13
1.3.8	Kalite Dlo	1-14
1.3.9	Diminisyon Enpak Pwojè a	1-15
1.3.10	Dirablite ak Rezilyans Klima	1-15

Tabla de cifras

Imaj 1-1	Kontèks Ayewopò Logan – Apèsi Ayeryen	1-2
Imaj 1-2	Kontèks Ayewopò Logan – Apèsi Topografik	1-3



1. Entwodiksyon ak Rezime Egzekitif

Massachusetts Port Authority (Massport oubyen Authoritya) te bay yon dosye konplè sou tandans anviwonman Ayewopò Entènasyonal Logan nan Boston (Ayewopò Logan oubyen Ayewopò) yo, planifikasyon batiman yo, **operasyon avyon yo**, ak nivo aktivite pasaje yo pandan plis pase kat deseni. Massport kontinye angajman l genyen pou l kenbe transparans nan *Rapò Done Anviwonman Ayewopò Entènasyonal Logan nan Boston pou 2023/2024 sa a (2023/2024 EDR)*.

1.1 Kontèks Aewopò Logan nan

Massport posede epi kontwole Ayewopò Logan, yon sant enpòtan pou rezo transpò pasaje ak kago Boston ak New England. Antanke ayewopò prensipal zòn metwopolitèn Boston an, Ayewopò a se prensipal founisè sèvis ayeryen pou pasaje yo epi yon pòtay entènasyonal enpòtan pou sèvis transatlantik yo. Ayewopò a twouve l mwens pase 3 milyaj soti nan sant vil Boston e li pran yon sifas anviwon 2,400 kawo tè nan East Boston ak Winthrop, ki gen ladan l 700 kawo tè nan Boston Harbor. Ayewodwòm Ayewopò Logan nan gen ladan 6 pis aterisaj, apeprè 15 milyaj vwa sikilasyon, ak apeprè 240 kawo tè tabliye beton ak asfalt. Yon tabliye ayewodwòm, sa yo rele tou yon ranp, se kote yo pake, chaje, dechaje, mete gaz, epi fè antretyen nan avyon yo. Aewopò a gen kat tèminal pou pasaje fè koneksyon, Tèminal A, B, C ak E, kote chak gen enstalasyon pou tikè, rekipasyon bagaj ak transpò terès. Liy transpò piblik yo, plizyè liy bis dirèk ak yon sistèm woutye byen konekte ofri yon aksè pou ale epi soti nan Aewopò a. Massport ofri pakin nan ayewopò a ak sèvis otobis **Logan Express** tou pou **pasaje avyon** ak anplwaye ki soti nan divès pakin nan zòn metwopolitèn nan. Ayewopò Logan ak anviwonman l yo ilistre nan **Ilistrasyon 1-1** ak **Ilistrasyon 1-2** pou kontèks.

Pou yon vèsyon tradui Entwodiksyon ak Rezime Egzekitif sa a, tradiksyon enprime yo disponib nan chak bibliyotèk piblik ki mansyone nan Apendis D, epi vèsyon elektwonik tradui yo disponib sou sit entènèt Massport la.

<https://www.massport.com/environment/boston-logan-edr-espr-data-portal>


Tradiksyon nan lòt lang disponib sou demann. Tanpri, kontakte: **(617) 568 3546** oswa voye yon imel nan **community@massport.com**.




Ilustrasyon 1-1 Kontèks Ayewopò Logan – Apèsi Ayeryen

2023/2024 Environmental
Rapò Done

- Blding Tèminal
- Kote Paking Yo Ye
- Zòn Sèvis yo





Ilustrasyon 1-2 Kontèks Ayewopò Logan - Apèsi Topografik

Rapò Done Anviwònman
2023/2024

Limit Aewopò Logan nan



1.1.1 Nivo Aktivite yo

Rapò EDR 2023/2024 sa a sou tandans resan nan nivo aktivite pasaje yo ak operasyon avyon nan Ayewopò Logan nan, avèk konparezon ak ane referans istorik yo. Kantite pasaje ayeryen ak operasyon avyon yo te ogmante an 2023 ak 2024, ak nivo aktivite pasaje nan Ayewopò Logan ki depase pik 2019 anvan COVID la ak yon rekò 43.5 milyon pasaje an 2024. Nivo operasyon avyon yo te toujou 3 pousan pi ba pase nivo 2019 yo nan fen 2024. Menm lè pasaje ak vòl yo ogmante, pifò kondisyon anviwònman yo amelyore konpare ak kondisyon istorik yo, epi Massport kontinye pran angajman pou l aplike yon pakèt dispozisyon anviwònman ak operasyonèl pou diminye enpak ki asosye ak operasyon Ayewopò a. Chanjman nan kondisyon anviwònman yo soti nan 2023 ak 2024 yo rapòte ansanm ak konvèsasyon sou tandans ak dispozisyon yo pran pou diminye enpak yo nan chapit ki vin apre yo nan *EDR 2023/2024* sa a.

1.1.2 Investisman Massport nan Ayewopò Logan nan

Massport kontinye amelyore sekirite, efikasite operasyonèl ak aksesibilite Ayewopò Logan nan pandan l ap kontwole efè anviwònman nan aktivite l yo. Pwojè resan ak pwojè k ap dewoule nan zòn tèminal yo pral bay yon koneksyon san pwoblèm apre sekirite ant tèminal yo epi amelyore eksperyans vwayaj pasaje yo atravè zòn kontwòl sekirite konsolide yo. Massport bay priorite tou pou aksè nan Ayewopò Logan ak zòn ki ozalantou l yo, epi li travay avèk **Federal Aviation Administration (FAA)** pou amelyore sekirite **bò ayewopò** a lè li amelyore **Zòn Sekirite Pis (RSA)** yo epi senplifye jeyometri ayewopò a.¹ Gade Chapit 4, *Planifikasyon Ayewopò*, pou w aprann plis bagay sou pwojè amelyorasyon k ap kontinye nan Ayewopò Logan nan. Met sou pwojè devlopman yo, Massport rete angaje nan aplike estrateji pou diminye enpak ki gen rapò ak pwojè yo, jan sa devlope nan Chapit 10, *Diminasyon Enpak Pwojè a*.

Met sou demann finansman abityèl yo pou avanse pwogram *Plan Aksyon pou Atenn Zewo Emisyon* disi 2031 an (Roadmap to Net Zero), an 2023, Konsèy Administrasyon an te vote pou apwouve 500 milyon dola pou avanse pwojè Zewo Emisyon yo, pou prepare teren pou rediksyon emisyon alavni pandan senk pwochen ane yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Plan Aksyon Massport pou rive nan Zewo Emisyon nan Chapit 11, *Dirablite ak Rezistans Klima*, Seksyon 11.2.

¹ Jeometri teren aviasyon an se dimansyon, oryantasyon, kondisyon ak kantite pis ki gen sou kanpis yon ayewopò.

1.2 Objektif ESPR ak EDR la

EDR 2023/2024 la fè pati yon seri dokiman revizyon anviwònman anyèl Massport voye bay Sekretè **Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman (EEA)**, ann akò avèk **Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts (MEPA)**.² *EDR 2023/2024* la kontinye pwosesis revizyon anviwònman Massport te etabli a nan nivo eta a, ki evalye tout enpak anviwònman yo met ansanm sou aktivite ki asosye ak Ayewopò Logan nan. Dokiman sa yo bay kontèks aktyèl ak istorik pou pwojè endividyèl nan Ayewopò Logan ki satisfè limit analiz anviwònman eta ak federal yo, epi tou rapòte sou tout efè anviwònman yo met ansanm sou operasyon ak aktivite Ayewopò Logan yo. Pou plis enfòmasyon sou objektif Rapò sou Sitiyasyon Anviwònman ak Planifikasyon (ESPR) ak EDR yo, seksyon **Gid Itilizatè a Seksyon U1.3**.

Aprè revizyon EEA a sou *ESPR 2022* a, yo te mande Massport pou prepare *EDR 2023/2024* sa a dapre yon dimansyon Sètifika Sekretè a tabli sou *ESPR 2022* a ki date 18 oktòb 2024. EDR sa a satisfè egzijans ki dekri nan Sètifika Sekretè a sou *ESPR 2022* a epi li reponn ak kòmantè ki nan Sètifika Sekretè a ansanm ak sa lòt moun ki fè kòmantè yo voye. Sètifika a ak repons kòmantè yo nan Apendis A, *Sètifika MEPA ak Repons ak Kòmantè yo*. Gen yon tradiksyon Espanyòl chapit sa a ki apre vèsyon Anglè Rezime a. Tradiksyon Rezime Egzekitif la an Kreyòl Ayisyen, Chinwa Senplifye, ak Pòtigè disponib nan fòm elektwonik ak nan fòm papye nan bibliyotèk lokal yo jan sa endike nan Apendis D, *Lis Distribisyon an*, ak sou sit entènèt Massport la sou <https://www.massport.com/environment/boston-logan-edr-espr-data-portal>. Yon Avi Babel k ap enfòme lektè yo sou fason pou yo jwenn aksè ak sèvis tradiksyon epi mande materyèl pwojè nan yon lang presi pou *2023/2024 EDR* la disponib tou nan lang Vyetnamiyen, Ris, Mon-Khmer, Arab ak Koreyen. Pou w mande plis sèvis tradiksyon, tanpri kontakte Brad Washburn, Massport, pa telefòn nan (617) 568 -3546 oswa pa imel nan community@massport.com.

EDR 2023/2024 sa a bay dènye enfòmasyon sou sijè ki annapre yo:

- Kontak Kominotè ak Jistis Anviwònmantal
- Nivo Aktivite yo
- Planifikasyon Aewopò a
- Wòl Rezo Transpò Rejyonal Aewopò Logan nan
- Aksè Terès pou rive nan Ayewopò a
- Diminisyon Bri
- Kalite Lè a ak Emisyon yo
- Kalite Dlo a ak Konfòmite Anviwònmantal
- Efò Diminisyon Enpak ki Koresponn ak Pwojè a
- Dirablite ak Rezilyans Klima

1.2.1 Analiz Ki Koresponn Ak Pwojè a

EDR Massport la se yon dokiman inik nan pwosesis MEPA a. Kontrèman ak lòt dokiman MEPA yo, ESPR yo ak EDR anyèl yo pa "pwojè" nan kad nòmal MEPA a. Dokiman yo pa ranplase okenn depo pwojè endividyèl pou voye bay MEPA, ni yo pa sèvi kòm apwobasyon pou okenn aktivite presi. Okontrè, jan tit

² Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 30, Seksyon 61-62H. MEPA a aplike atravè règleman ki pibliye nan 301 Kòd Règleman Massachusetts (CMR) 11.00 ("Règleman MEPA yo").

yo endike, ESPR yo ak EDR yo rapòte sou aktivite operasyonèl jeneral Ayewopò Logan nan ak kondisyon anviwònman an.

Pwojè endividyèl yo dwe sibi yon evalyasyon MEPA tou si yo atenn limit règlemantè pou evalyasyon anviwònmanal règlemantè yo.

Pwojè Ayewopò Logan yo sibi yon pwosesis revizyon anviwònman piblik presi pou chak pwojè lè yo rive nan nivo revizyon anviwònman MEPA yo. Lè MEPA egzije sa, lokatè Massport ak Ayewopò yo voye **Fòmilè Notifikasyon Anviwònman (ENF)** ak **Rapò Enpak Anviwònman (EIR)**. Si yon pwojè mande pou yo fè yon revizyon anviwònman anba **Lwa Nasyonal sou Politik Anviwònman an**

(NEPA), pwojè a ap revize anba pwosesis revizyon anviwònman NEPA FAA a. Chapit 4, *Planifikasyon Ayewopò*, pale sou pwojè aktyèl ak sa ki posib alavni ansanm ak sitiyasyon revizyon regilasyon pou yo chak yo anba MEPA, NEPA, oswa toude, si sa aplikab. Chapit 10 la, *Diminasyon Enpak Pwojè a*, bay rapò sou aplikasyon san rete angajman pou diminasyon enpak obligatwa yo pran nan depo MEPA ki koresponn ak pwojè a.

1.2.2 Dispozisyon ak Fòm Dokiman an

Pou reponn a kòmantè ki nan *Sètifika Sekretè Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman an* (gade Apendis A) ak *Lèt Kòmantè yo te resevwa nan men piblik la* (gade Apendis B, *Lèt Kòmantè ak Repons ak Kòmantè yo*), Massport te revize dokiman ESPR 2022 konplè a an detay pou evalye fason pou diminye longè jeneral dokiman EDR 2023/2024 la epi senplifye kontni dokiman ESPR ak EDR alavni yo, tout pandan y ap asire yo done anviwònman yo ak konklizyon kle yo espere nan chak chapit yo toujou ladan l. Kòm rezilta, Massport te fè chanjman enpòtan pou amelyore aksè ak lizibilite jeneral dokiman an epi diminye longè l. An patikilye, avèk entwodiksyon *Gid Itilizatè a* ak adisyon nan paj wèb *Dokiman Anviwònman yo*, lektè yo ka jwenn aksè ak plis kontni ki gen rapò ak EDR ak ESPR epi mizajou yo ka fèt pi souvan, toutotan sa posib. Chanjman sa yo ta dwe pèmèt Massport retounen EDR yo nan yon orè rapò anyèl.

Yo te chanje fason kontni kontni chak chapit òganize pou konsantre sou done ki soti nan chak ane rapò endividyèlman, 2023 ak 2024 pou EDR sa a, nan tèks prensipal la. Analiz done anyèl la konsantre sou rezilta yo jwenn ant ane rapò yo, ane anvan an (2022), ak yon ane referans presi pou yon sijè, ki te nòmalman chwazi kòm ane pik istorik la nan Ayewopò Logan pou metrik yo bay la. Gade **Seksyon U1.2.2.1** nan *Gid Itilizatè a* pou wè rezon ki fè yo chwazi ane referans chak sijè a. Kote sa te apwopriye, done teknik sipò yo te itilize pou devlope konklizyon yo te deplase nan apendis teknik yo, alòske enfòmasyon jeneral sou kad regilasyon an, metodoloji yo, ak plis kontèks te deplase nan chapit *Gid Itilizatè ki koresponn nan*.

Pou amelyore aksè a kontni an epi diminye jagon teknik, yo te ajoute tablo glosè ki bay tèminoloji kle ak definisyon pou ede lektè yo. Yo defini terminoloji kle yo an **karaktè gra, koulè ble** lè yo itilize yo pou premye fwa nan tèks prensipal la. Fòma *ESPR 2022* a, ki te redui tou gwo blòk tèks ki gen anpil enfòmasyon epi ki te ajoute plis eleman vizyèl ak reprezantasyon enfòmasyon ki senp, te kontinye nan EDR sa a.

Chak chapit gen ikòn blòk ki gen kòd koulè oswa "onglè" nan kwen anwo chak paj avèk yon koulè inik ki atribiye ak chak chapit ak ikòn nimewo chapit ki koresponn nan nan mitan blòk koulè a. Pou moun k ap li nan fòma elektwonik yo, yo te mete tab matyè ki vini anvan chapit sa a sou yon ipèlyen pou pèmèt lektè a ale nan seksyon yo dirèkteman, byen fasil, byen rapid. Yo mete referans pou chapit ak seksyon ki anndan tèks prensipal la sou yon paj ki gen yon pwent ki resòti epi sou yon ipèlyen.

Chak chapit gen yon ikòn blòk inik ak yon kòd koulè, oubyen yon "onglè" avèk nimewo chapit la anndan blòk la, ki twouve l nan kwen anwo paj la. Egzanp chapit sa a pi ba a:

1

1.2.2.1 Gid Itilizatè

Pou premye fwa, Massport ap pibliye yon Gid Itilizatè ansanm ak *EDR 2023/2024* sa a. Dokiman endepandan an bay detay sou kad regilasyon an, metodoloji yo, modèl yo, done yo bay sou modèl yo, pwogram yo ak analiz yo itilize pou kreye EDR ak *ESPR* yo. Gid Itilizatè a bay enfòmasyon jeneral esansyèl ak kontèks ki nesèsè pou entèprete dokiman sa yo, ki te deja nan tèks chapit EDR ak *ESPR* yo ak nan apendis teknik yo. Chak chapit nan *EDR 2023/2024* sa a gen yon chapit Gid Itilizatè akonpaye ak yon chapit.

EDR sa a gen plizyè referans nan tout tèks chapit yo ki mennen nan seksyon ki enpòtan nan Gid Itilizatè a kote ou ka jwenn enfòmasyon kontèks esansyèl. Vèsyon elektwonik *EDR 2023/2024* sa a gen ladan referans Gid Itilizatè a kòm lyen ipèlyen entegre nan tèks dokiman an ki pral ouvri seksyon Gid Itilizatè ki asosye ak lè ou klike sou li. Referans pou Gid Itilizatè a ap sanble ak sa ki annapre yo: **Gid Itilizatè, Seksyon #.#**.

Y ap revize epi mete Gid Itilizatè a ajou jan sa nesèsè chak ane *ESPR* (chak 5 an) pou kenbe presizyon ak pètinans. Mizajou Gid Itilizatè a ap gen enfòmasyon sou chanjman enpòtan ki te fèt pandan sik rapò anvan an, tankou chanjman nan egzijans regilasyon yo, metodoloji modèl yo, oswa apwòch koleksyon done yo. Sepandan, chanjman sa yo pral devlope tou nan chapit EDR oswa *ESPR* ki enpòtan yo pou ane rapò kote chanjman sa yo te fèt yo, apre sa enfòmasyon an pral transfere nan Gid Itilizatè a pandan pwochen peryòd *ESPR* la. Pou plis enfòmasyon sou objektif Gid Itilizatè a, gade **Gid Itilizatè a, Seksyon U1.1**.

Ikòn Gid Itilizatè yo ki distribye nan EDR a gen ipèlyen ki mennen nan Gid la pou navigasyon fasil.

User's
Guide
Section
U.XX.XX.XX

1.2.2.2 Paj wèb EDR/ESPR

Ou ka jwenn lyen paj wèb EDR/ESPR Massport la a:

<https://www.massport.com/environment/boston-logan-edr-espr-data-portal>

Massport te devlope yon nouvo paj wèb sou entènèt espesyalman pou depoze dosye EDR ak ESPR. Sit entènèt la pral gen dokiman ak lyen pou materyèl EDR ak ESPR nan yon sèl kote, pou bay aksè fasil ak chak chapit nan dènye dokiman yo, avi pou reyinyon k ap vini yo, materyèl ki soti nan reyinyon anvan yo, dokiman ESPR ak EDR anvan yo, ak Gid Itilizatè a. Paj wèb la ap gen ladan l tou lyen ki mennen nan sous done yo mansyone nan EDR ak ESPR ki bay kèk nan done ki disponib piblikman yo itilize pou

devlope rapò yo. Se Massport ki jere sous done sa yo prensipalman, lòt ajans leta ak federal, ak lòt sous ki gen bon repitasyon.

1.3 Rezilta kle pou 2023 ak 2024 yo

Seksyon sa a bay yon ti apèsi, pa chapit, sou rezilta prensipal yo nan Ayewopò Logan pou ane rapò 2023 ak 2024 yo. Yo bay enfòmasyon adisyonèl sou aktivite Ayewopò a nan chapit ki annapre yo.

1.3.1 Sansibilizasyon ak Jistis Anviwònmanal

Chapit 2, *Sansibilizasyon ak Jistis Anviwònmanal* an, separe dirabilite ak konvèsasyon sou sansibilizasyon ak **Jistis Anviwònmanal (JAn)**, an repons ak Sètifika Sekretè ESPR 2022 a, ki bay nan Apendis A EDR 2023/2024 la.

Sansibilizasyon ak Jistis Anviwònmanal	
Massport se yon manm nan Gwoup Travay Ayewopò Logan MEPA a, k ap kolabore avèk ajans leta yo, reprezantan gouvènman lokal yo, ak gwoup kominotè yo pou idantifye dispozisyon anplis pou diminye enpak ki ka genyen pou adrese enkyetid anviwònman ki soti nan operasyon Ayewopò Logan nan kominote EJ yo. 	Massport kontinye elaji sèvis li yo epi li bay sèvis tradiksyon nan lang omwen 5 pousan nan popilasyon an ki twouve l nan yon reyon 5 milyaj alantou Ayewopò Logan nan oubyen nan kominote Komite Konseye Kominotè Massport (Massport CAC) yo pale, ki kounye a gen ladan uit lang ansanm ak resous pou plis bezwen tradiksyon.
Apati 2024, Bous etid STEM pou Divèsite a te bay yon total \$92,000 nan bous etid pou 48 elèv po fonsè ki gen plan pou pouswiv diplòm nan yon domèn STEM. Yo te ogmante montan bous etid la soti nan \$3,000 pou rive nan \$5,000 an 2023.	Massport te kontinye travay li te kòmanse ak <i>ESPR</i> 2022 a nan EDR sa a lè li te fè yon revizyon kondisyon kominote ki deja egziste apati nouvo Kad Analiz Enpak Kimilatif (CIA) Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP) la.

Chapit 2 a pale sou aktivite sansibilizasyon kominotè Massport yo ak pratik jistis ekivalan yo, ann akò ak chanjman resan nan règleman jistis ekivalan MEPA yo, epi li prezante efò angajman kominotè Massport yo, tankou sansibilizasyon ESPR ak EDR ak don filantropik ki bay finansman esansyèl pou pwogram

amelyorasyon kominotè yo. Pwojè Massport yo ki gen rapò ak **dirabilite, rezistans**, ak Plan Aksyon pou rive nan Zewo Emisyon yo detaye nan yon nouvo chapit, Chapit 11, *Dirabilite ak Rezilyans Klima*. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Seksyon U2, nan Gid Itilizatè a**.

1.3.2 Nivo Aktivite yo


Chapit 3, *Nivo Aktivite* yo etidye tandans resan yo nan pasaje, operasyon ak kago nan Ayewopò Logan. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Seksyon U3 nan Gid Itilizatè a**.

Nivo Aktivite Rezilta Prensipal yo			
	An 2023, Ayewopò Logan nan te jere 40.8 milyon pasaje, yon ogmantasyon 13% parapò ak 2022. Ayewopò a te fè 395,146 operasyon avyon tou nan lane 2023.		An 2024, Ayewopò Logan te wè 43.5 milyon pasaje, yon ogmantasyon 6% parapò ak 2023. Ayewopò a te fè 413,409 operasyon avyon tou nan an 2024.
Soti nan ane 1998 rive 2024, te gen yon ogmantasyon 64 pousan nan pasaje chak ane malgre yon diminisyon 19 pousan nan operasyon avyon anyèl yo.		An 2024, 47 konpayi avyon te ofri vòl pou 153 destinasyon mondyal apati Ayewopò Logan; yon ogmantasyon parapò ak 2023, ki te gen sèlman 42 konpayi avyon ki t ap sèvi 145 destinasyon mondyal.	
			

1.3.3 Planifikasyon Aewopò

Chapit 4 la, *Planifikasyon Aewopò* a dekri pwojè ki fèk fini yo ak pwojè aktyèl yo ansanm ak konsèp planifikasyon fiti yo. Lè yo mete enfòmasyon sa yo ajou yon fason regilye, patisipan yo ka suiv diferan pwojè k ap fèt yo epi jwenn yon apèsi potansyèl pwojè ki gen chans pou yo kòmanse nan lane k ap vini yo. Chapit 4 la pale tou sou aktivite oswa pwojè posib ki ta ka mande yon revizyon anba règleman MEPA oswa NEPA yo.




Nan chapit sa a, pwojè yo gwoupe an kategori sa yo pa zòn ayewopò: aksè sou tè ak pakin; zòn tèminal; zòn sou kote ayewopò; zòn sèvis. Chapit 4 la bay enfòmasyon sou pwogrè pwojè k ap dewoule ak pwojè ki te planifye yo. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Seksyon U4 nan Gid Itilizatè a**.

Rezilta Kle Planifikasyon Aewopò a	
An 2024, yo te kòmanse konsepsyon pou lokal Danvers Logan Express la (ansyen Peabody), konstriksyon an te kòmanse pou adisyon garaj Framingham Logan Express la, epi yo te kòmanse konsepsyon debaz ak pèmi pou pakin Braintree Logan Express la. Pwojè sa yo pral fasilite epi ankouraje kantite pasaje machin ki gen anpil moun (HOV) ak transpò piblik. 	Wout ki asosye ak Pwojè Kanope, Konektè, ak Wout Tèminal C yo te fini an 2023 epi pwojè a te resevwa sètifika ann ò Leadership in Energy and Environmental Design (LEED®). 
Yo te fin jwenn pèmi anviwònman pou pwojè Reyabilitasyon Pis 15R-33L ak Reyabilitasyon Vwa Sikilasyon B Nò an 2023. Nan mwa novanm 2023, konstriksyon pwojè Reyabilitasyon Vwa Sikilasyon 15R-33L la te fini. 	Etid fezabilite ak planifikasyon pou amelyorasyon Tou Kontwòl Trafik Ayeryen FAA (ATCT) pou akomode ekipman FAA NextGen yo te kòmanse an 2024. Yo te prevwa pou pwojè a fini nan lane 2026. 

1.3.4 Transpò Rejyonal

Chapit 5 la, *Transpò Rejyonal* rann kont sou wòl Aewopò Logan nan nan pi gwo sistèm transpò New England nan, ki gen ladan lèt aewopò, otowout, pò ak wout ray. Aewopò Logan nan, ki se pi gwo nan twa aewopò ke Massport dirije yo, se prensipal pwen antre nasyonal ak entènasyonal pou Zòn Metwopolitèn Boston an ak rejyon New England nan.


Chapit 5 la detaye planifikasyon transpò pou rejyon New England pou divès mwayen transpò, li prezante nivo aktivite avyon ak pasaje pou 2023 ak 2024 ansanm ak pwojè k ap dewoule ak pwojè k ap vini yo nan ayewopò nan New England. Yo prezante epi analize dènye estatistik sèvis tren Amtrak yo, paske transpò tren an se yon lòt opsyon pou vwayaj ayeryen atravè Ayewopò Logan nan epi yo itilize l pi souvan, sitou ant Boston, Vil Nouyòk ak Washington, D.C. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Gid Itilizatè a, Seksyon U5**.

Rezilta kle yo sou transpò rejyonal la	
Ayewopò rejyonal New England yo, eksepte Ayewopò Logan nan, te sèvi apeprè 16.7 milyon pasaje an 2023 ak 17.9 milyon pasaje an 2024.  4% plis pase 2019 an 2024	10 ayewopò rejyonal New England yo te sèvi 29 pousan pasaje New England yo an 2023 ak 2024. Yo te loje 71 pousan pasaje ki te rete yo nan Ayewopò Logan nan.  29% 71%
 4% plis pase 2022 an 2024 Ayewopò rejyonal New England yo, eksepte Ayewopò Logan, te fè 650,418 operasyon avyasyon an 2024, yon ogmantasyon 3 pousan parapò ak 2023 (631,170 operasyon).	Sèvis tren Amtrak yo te wè gen yon gwo ogmantasyon 25.7 pousan nan kantite pasaje ki soti nan estasyon nan zòn Boston an 2023, konpare ak 2022, ak yon pèfòmans solid sou tout kat wout ki desèvi zòn Gran Boston an. Kantite pasaje yo te kontinye ogmante ankò nan an 2024. 

1.3.5 Aksè Terès pou ale epi pou Soti nan Aewopò Logan nan

Chapit 6, *Aksè Terès* la evalye tandans nan mwayen transpò sifas yo itilize pou jwenn aksè nan Ayewopò a, tankou machin pèsònèl, sèvis transpò pataje oswa sèvis Ride App, navèt, ak mòd machin ki gen anpil moun (HOV). Rechèch apre pandemi an montre Ayewopò Logan nan rete youn nan pi gwo aewopò peyi Etazini yo nan sa ki gen pou wè ak pasaje ak anplwaye aewopò ki toujou itilize HOV ak transpò piblik kòm mwayen transpò. Pifò sèvis transpò terès ki te disponib an 2023 ak 2024 yo te montre yon ogmantasyon nan kantite pasaje yo parapò ak 2022, sa ki demontre itilizasyon divès mòd aksè pou ale nan Ayewopò Logan nan, epi yo te depase objektif pèfòmans pou 2022 yo.

Massport kontinye siveye kondisyon yo nan Ayewopò a ak nan zòn ki ozalantou yo pou l ka ofri pwogram aksè sou tè pou satisfè bezwen pasaje avyon yo ak anplwaye Ayewopò Logan yo epi pou diminye enpak sou anviwònman an ak kominote a. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Seksyon U6 nan Gid Itilizatè a**.

Rezilta Kle Sou Aksè Terès	
An mwayèn, kantite mileyaj machin vwayaje (VMT) nan ayewopò a pandan yon jou lasemèn te 171,340 mileyaj chak jou an 2023 epi 192,554 mileyaj chak jou an 2024.	8% mwens pase 2019 (an 2024) 
Kantite pasaje sou Logan Express la te rive nan yon pik istorik an 2024, li te depase nivo 2023 yo pa plis pase 11 pousan.	Massport te kontinye pouse epi amelyore mòd HOV yo an 2023 ak 2024, lè li te achte dis otobis Silver Line Massachusetts Bay Transit Authority (MBTA) pou ranplase yo, lè li te konstwi epi planifye plis espas pakin nan sit Logan Express yo, lè li te ajiste tarif ak orè yo, ak plis ankò.


1.3.6 Bri

Chapit 7, *Bri*, pase sou nivo bri ozalantou Ayewopò a an 2023 ak 2024 epi efò Massport ap kontinye fè pou diminye bri ki gen rapò ak avyasyon nan Ayewopò Logan. Yo mezire bri ayewopò a grasa enfòmasyon konplè sou vòl yo ak modèl bri **Zouti Konsepsyon Anviwònman Aviyasyon (AEDT)** FAA a, ki kalkile nivo ekspozisyon bri an **desibèl (dB)**. Chapit 7 la dekri tou efò resan Massport yo pou jere enpak bri sou kominote ki ozalantou yo ak istwa rediksyon bri k ap -kontinye pandan kat dènye deseni yo. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Gid Itilizatè a, Seksyon U7**.

Rezilta Kle Sou Bri	
Popilasyon ki te ekspozè nan kontou 65 dB a te gen ladan 8,797 moun an 2023, sa ki make yon ogmantasyon 7 pousan parapò ak 2022. An 2024, popilasyon nan kontou 65 dB a te diminye pou rive nan 7,980 moun, pi ba pase popilasyon nan kontou 2019 ak 2022 a.	Massport te rekòmanse pwogram izolasyon son rezidansyèl la (RSIP), li te fè tès pilòt tretman izolasyon son ak yon gwoup 10 kay nan Revere ak Winthrop an 2023. An 2024, Massport te avanse ak desen konsepsyon yo epi li te kòmanse mande òf pou kontraktè pou sipòte aplikasyon RSIP la.
Apèl pou plent pou bri yo te diminye tank ane t ap pase, ak 218,830 moun ki te rele pou plent bri an 2023 ak 212,423 moun ki te rele an 2024.	Massport te resevwa Prim Ayewopò Jay Hollingsworth Speas 2025 la pou travay ki baze sou kolaborasyon l ak FAA, Massachusetts Institute of Technology (MIT), ak kominote a sou efò pou diminye bri.

1.3.7 Kalite Lè a ak Emisyon Gaz ki gen Efè Tèmik

Chapit 8, *Kalite Lè a ak Emisyon Gaz ki Fè Efè Tèmik (GHG)* bay detay sou emisyon lè Ayewopò Logan an 2023 ak 2024 an konparezon ak done istorik yo.

Kalite Lè a ak Emisyon GHG yo: Rezilta Prensipal yo		
	Emisyon total konpoze òganik volatil (VOC), oksid azòt (NO_x) ak monoksid kabòn (CO) ki gen rapò ak ayewopò yo te ogmante an mwayèn 10 pousan an 2023 parapò ak nivo 2022 yo. An 2024, emisyon total VOC, NO_x, CO, ak patikil (PM₁₀/PM_{2.5}) ki gen rapò ak ayewopò yo te ogmante 6 pousan apati 2023.	An 2023, emisyon total PM₁₀/PM_{2.5} ki soti nan tout sous ki gen rapò ak ayewopò a nan Logan te 44 pousan pi ba pase nivo 2022 yo. Diminisyon an koresponn ak mizajou lojisyèl modèl yo ki te bay yon kalkil pi egzakt sou to emisyon PM_{2.5} ak PM₁₀ yo, ansanm ak teknoloji machin ki pi efikas ak mwens itilizasyon gaz nan sous ki pa mobil, tankou dèlko ak aparèy pou fonn nèj. 
An 2023 ak 2024, emisyon gaz ki lakòz efè tèmik (GHG) nan Ayewopò Logan Nan te rete anba nivo GHG yo te ye an 2019. Repatizasyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik (GHG) soti 2023 ak 2024 pa dimansyon se jan ki annapre a: • Emisyon Dimansyon 1 yo, Massport kontwole, te reprezante 4 pousan nan emisyon gaz ki lakòz efè tèmik nan tout Ayewopò a an 2023 ak 5 pousan an 2024; • Emisyon endirèk ki soti nan elektrisite ki achte nan Dimansyon 2 te reprezante 8 pousan nan emisyon gaz ki lakòz efè tèmik nan tout Ayewopò a an 2023 ak 2024; epi • Emisyon Dimansyon 3 yo, ki se pwopriyete piblik oswa lokatè yo ki posede epi kontwole, te reprezante 88 pousan nan total emisyon gaz ki lakòz efè tèmik Ayewopò Logan an 2023 ak 87 pousan an 2024.		Emisyon total gaz ki lakòz efè tèmik an 2023 te ogmante de 21 pousan parapò ak nivo 2022 yo. Chanjman nan gaz ki lakòz efè tèmik yo akòz ogmantasyon nan nivo aktivite operasyonèl ak pasaje yo, ansanm ak yon ogmantasyon nan konsomasyon elektrisite akòz modènizasyon ak ekspansyon Tèminal E Boston Logan nan. Emisyon total gaz ki lakòz efè tèmik nan Ayewopò Logan nan 2023 ak 2024 te reprezante 1 pousan nan dènye estimasyon emisyon total pou tout eta a, epi 12 pousan ak 13 pousan, pou chak, nan emisyon pou tout vil Boston. 

Emisyon ayewopò yo an jeneral soti nan plizyè sous tankou avyon, **ekipman sèvis terès (GSE)**, machin, bilding, ak sous fik. Suiv emisyon sa yo chak ane ede idantifye tandans epi pèmèt planifikasyon alavni pou diminye emisyon sa yo, tankou pwojè pou avanse Plan Aksyon Massport pou rive nan Zewo Emisyon.

Emisyon yo enfliyanse anpil pa nivo aktivite avyon yo, ki te ogmante chak ane apre pandemi an. Sepandan, avansman teknolojik ak estrateji efikasite enèji Massport te mete an plas yo ede diminye emisyon yo an jeneral e yo prevwa nivo emisyon yo ap rete anba nivo istorik yo alavni. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Gid Itilizatè a, Seksyon U8**.

1.3.8 Kalite Dlo

Chapit 9, *Kalite Dlo*, pale sou respè règleman Ayewopò a avèk règleman anviwònman eta ak federal yo. Grasa yon siveyans ak dokimantasyon regilye sou kondisyon anviwònman yo, Massport evalye regilyèman pèfòmans pwogram konfòmite anviwònman Ayewopò a, ki gen ladan l kondisyon tankou kalite dlo lapli; itilizasyon ak depo gaz; ak kontwòl ak dispozisyon ki kont devèsman.

Epitou, Massport toujou ap devlope, aplike epi evalye nouvo mwayen pou kenbe nòm konfòmite yo pandan l ap fè efò pou l amelyore politik yo ak pwogram yo pou depase sa règleman yo mande a. Sa gen ladan l aplike *Plan Jesyon Dirablite Ayewopò Logan* nan (SMP); jere dlo lapli; minimize itilizasyon dlo ak ekoulman dlo sifas; kenbe depo gaz ak konfòmite avèk rapò sou devèsman; fè enspeksyon anviwònman; epi amelyore plan ak pwosedi pou anpeche polisyon antre nan anviwònman antouraj la. Pou plis kontèks sou chapit sa a, gade **Gid Itilizatè a, Seksyon U9**.

Rezilta Prensipal Sou Kalite Dlo A		
An 2023, Massport te resevwa yon nouvo Sistèm Nasyonal pou Eliminasyon Egzekisyon Polisyon (NPDES) avèk plizyè egzijans ak limitasyon diferan pou tès kalite dlo. Massport te kòmanse siveye tès kalite dlo a avèk nouvo pèmi an nan mwa novanm 2023.		Pa gen okenn depasman limit rejè dapre pèmi NPDES la yo te jwenn nan rezilta tès kalite dlo 2023 yo.
An 2024, plis pase 98 pousan echantiyon dlo lapli yo te kolekte yo te konfòm ak limitasyon egzeyat yo dapre pèmi NPDES la epi yo pa jwenn okenn konpoze sibstans per- ak polifliyowoalkil (PFAS) ki pi wo pase limit deteksyon an nan lane 2024.		Massport kontinye evalye epi repare sit Plan Ijans Massachusetts (MCP) (MCP) ki asosye avèk Ayewopò Logan nan. An 2023, Massport te fèmen twa sit dapre règleman epi li te fèmen yon sit MCP an 2024.



1.3.9 Diminisyon Enpak Pwojè a

Dispozisyon pou diminye Seksyon 61 an ki prezante nan Chapit 10 la, *Diminisyon Enpak Pwojè a* koresponn ak pwojè endividyèl yo epi yo jeneralman gen ladan yo mezi yo pran pou evite epi minimize potansyèl enpak anviwònmanal yo atravè konsepsyon, konstriksyon pwojè a oswa pandan operasyon aktyèl yo. Pwogrè pwojè Ayewopò Logan ki gen angajman aktif Seksyon 61 yo prezante nan Chapit 10, alòske lòt dispozisyon anviwònman yo devlope nan Chapit 11, *Dirablite ak Rezistans Klima*.


Nan pwosesis tradisyonèl MEPA a, "diminisyon enpak pwojè" a fè referans ak dispozisyon presi pwojè a pou "evite, minimize epi diminye enpak anviwònmanal yo." For the EDR, the chapter associated with mitigation efforts include: project-specific mitigation required under Massachusetts General Law (MGL) c. 30, §§ 61 (Seksyon 61 Konklizyon ak Angajman pou Diminye Risk) pou pwojè ki oblije prepare yon Rapò Enpak Anviwònman (EIR) leta a; angajman kominote a; ak lòt mezi anviwònman. Pou plis enfòmasyon sou Mitigasyon Pwojè a, gade Gid Itilizatè a, Seksyon U10.

Rezilta kle yo sou mitigasyon pwojè a	
Nan pwosesis MEPA a, Pwojè Mitigasyon an refere a mezi espesifik pwojè a pou "evite, minimize epi diminye enpak anviwònman yo." Angajman pou atenyasyon enpak pwojè yo ki detaye nan yon Rapò sou Enpak Anviwònmanal (Environmental Impact Report, EIR) ki obligatwa pou yon pwojè, obligatwa selon Lwa Jeneral Massachusetts la (MGL) Chapit 30, Seksyon 61.	Massport kontinye swiv angajman li yo an tèm de mitigasyon, epi rapòte sitiyasyon yo nan EDR a. Apati Desanm 2024, kat pwojè nan Ayewopò Logan gen angajman Seksyon 61 ki an kou.



1.3.10 Dirablite ak Rezilyans Klima

Chapit 11, *Dirablite ak Rezilyans Klima* a, detaye pwogram proaktif Massport yo an tèm de dirabilite ak rezistans ansanm ak inisyativ kominotè yo, tankou inisyativ espas ouvè Ayewopò a ak inisyativ zòn tampon yo. Yon apèsi ak yon mizajou sou angajman Massport pou rive nan emisyon nèt zewo, jan sa dekri nan pwogram Plan Aksyon Massport pou rive nan emisyon nèt zewo, bay nan chapit sa a. Yon analiz sou ekspozisyon Ayewopò Logan an a danje klimatik yo prevwa pou 2030 ak 2050 enkli tou nan Chapit 11 ansanm ak apwòch Massport pou diminye enpak chanjman klimatik yo atravè pwogram rezistans.

Rezilta kle sou dirabilite ak rezistans klima	
Massport te kreye Biwo Inovasyon ak Rezilyans Klima (OCIR) pou dirije aksyon anviwònman ak klima nan Massport, an kolaborasyon avèk plizyè depatman kle. The OCIR also leads Massport's Roadmap to Net Zero program, which recently launched a website to track progress on the Roadmap to Net Zero. Sitwèb la (https://www.massport.com/environment/roadmap-to-net-zero) bay piblik la enfòmasyon enpòtan, done, ak dènye enfòmasyon regilye sou pwojè enpòtan yo, tout nan yon sèl kote.	Massport te kontinye tranzisyon li anvè machin elektrik (EV) lè li te akeri 34 lòt machin elektrik oswa ibrid an 2024, sa ki ogmante pwopòsyon machin elektrik yo a 20 pousan nan flòt la. Nouvo machin elektrik sa yo gen ladan yo de otobis elektrik pou transpò pasaje bò ayeryen an 2024 ak yon machin pou bale lari elektrik an 2023, sa ki pral fè plis moun sèvi ak machin elektrik lou nan operasyon yo. 
 An 2023, Massport te lanse yon pwogram pilòt Dyezèl Renouvlab pou evalye itilizasyon lajè dyezèl renouvlab kòm yon altènatif ki pi pwòp pase dyezèl konvansyonèl nan flòt machin lejè, mwayen ak lou li yo, ki gen ladan otobis.	Massport pibliye gwo mizajou nan Gid Konsepsyon Dirab (ODD) li yo ak Gid Konsepsyon Pwoteksyon kont Inondasyon, pou amelyore Plan Aksyon pou Zewo Net ak objektif rezistans klima atravè estanda ak règleman aksesib.